**Pou Piblikasyon Imedya:** 10/12/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TUPPER LAKE KÒM DEZYÈM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN NORTH COUNTRY NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

***Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Tupper Lake***

***Envestisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji global eta a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Tupper Lake pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm youn nan gayan North Country nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Anba lavil ki dinamik jwe yon wòl enpòtan anpil pou pèmèt kominote yo pwospere epi atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, New York ap ede asire ke patnè lokal nouo yo gen resous yo bezwen pou transfòme zòn sa yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman sa, Tupper Lake p ap sèlman kapab amelyore kalite lavi pou moun k ap viv la yo, men tou asire ke kominote sa rete yon pyè presye nan Adirondack yo ak yon destinasyon pou touris toupatou nan mond lan."

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare,** "Pandan n ap kontinye rekonstui apre COVID-19 la, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a se yon zouti enpòtan pou ede kominote atravè New York yo rekipere. 10 milyon dola finansman yo bay Tupper Lake la ap ede kominote yo atenn plis katye dinamik epi ranfòse ekonomi yo apre COVID-19 la".

Dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS), DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redevlopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa a, Gouvènè Hochul te double finansman soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de

benefisyè 10 milyon dola yo oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman transfòmatè ak katalizè anba lavil. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis envestisman prive ak piblik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a pou anba lavil la. Atravè DRI a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), y ap bay benefisyyè yo sipò teknik pou ede yo enkli prensip netralite kabòn pou sipòte objektif eta a pou diminye emisyon gaz efè sèr yo a 85 pousan disi 2050.

**Tupper Lake**

DRI Tupper Lake la ap konsantre sou Distri nan nò vil la. Tupper Lake se yon kominote Adirondack k ap renèt ki vize fè kominote yo a yon destinasyon ke yo rekonèt sou plan nasyonal, ki dinamik, ki gen kat sezon nan Adirondack atravè revitalizasyon kontini Distri nan nò vil la ki konpak, ki gen wout pyeton epi ki bò dlo. Vilaj la gen yon rekò revitalizasyon anba lavil ki pwouve avèk plis pase 16 milyon dola nan envestisman prive ak apeprè 50 milyon dola nan envestisman piblik nan Distri nò vil la oswa toupre depi 2014, ki enkli 30 milyon dola modènizasyon sèvis minisipal esansyèl ak Wild Center 48.3 milyon dola, ki se premye bilding LEED sètifye nan Adirondack yo. Pou kontinye dinamis sa, Tupper Lake vize ogmante enstalasyon pou touris, amelyore peyizaj lari yo, epi kreye nouvo lojman ak opsyon divètisman.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a (North Country Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Tupper Lake kòm youn nan nonminen li yo:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan envestisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi

- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmatè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Kounye a, Tupper Lake rejwenn Vilaj Massena kòm gayan senkyèm faz DRI rejyon North Country a. Plattsburgh, Watertown, Saranac Lake ak Potsdam se te gayan Rejyon North Country nan kat premye faz DRI yo, respektivman.

Tupper Lake pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon ki ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide envestisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou envestisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

**Sekretè Deta Egzekitif Adjwen an, Brendan C. Hughes, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI) ap ede konstui Tupper Lake an yon destinasyon pandan tout anea nan kè Adirondack yo. Depatman Deta a pa ka tann pou l travay avèk Tupper Lake pou devlope ak enplemante plan estratejik li a nan fason ki pwofite envestisman prive pou touris epi kreye plis opòtinite pou rezidan, bisniz, ak vizitè yo nan North Country."

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare,** "Chwa Tupper Lake nan senkyèm faz DRI a ap kapitalize envestisman, pwojè, ak kwasans ekonomik ki ankou nan vilaj la. Atravè pwogram sa, kominote a ap itilize finansman eta a pou etabli tèt li pi byen antanke yon kominote Adirondack pandan tout ane a ki gen yon anba lavil ki angajan ki akeyi rezidan ak vizitè yo menm jan."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Fleksibilite Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pèmèt pwogram nan benefisye chak rejyon eta a, soti North Country jiska Vil NY. Denominatè komen an sèke tout Nouyòkè merite opòtinite pou viv nan kominote ki sen ekonomikman, ki bay aksè a travay, sèvis ak lojman dekalite nan pri abòdab. Pri ke yo te anonse jodi a pou Tupper Lake la ap jenere aktivite touris adisyonèl k ap jenere, atire nouvo biznis, amelyore enfrastrikti epi devlope opsyon lojman. Konpliman pou kominote ki genyen an."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Felisitasyon pou Tupper Lake pandan y ap kontinye mete tèt yo sou kat la pou efò revitalizasyon an epi antanke yon bon kote pou viv epi vizite, pandan y ap antre nòm

efikasite enèji epi ekolojik nan planifikasyon yo. NYSERDA rete pare pou ede nan sipò teknik pou antre netralite kabòn nan lojman yo, plan peyizaj lari ak divètisman yo pou amelyore plezi ak pwoteksyon pèl ra sa nan Adirondack yo."

**Senatè Dan Stec te deklare,** "Yon anba lavil ki dinamik se yon sant ekonomik, kiltirèl ak aktivite sosyal ki benefisye rejyon an, an antye. Tupper Lake sètènman genyen tout bon engredyan yo. Cham, wout pyeton Adirondack la, yon kominote biznis anbisyye ak Wild Center. Kominote sa ap avanse nan bon direksyon epi genyen anpil rezon pou kwè Tupper Lake ap vin yon destinasyon ki pi atiran toujou nan ane k ap vini yo ak èd finansman eta ki byen merite sa. Konpliman pou Majistra Paul Maroun, konsèy vil la ak ekip biznis lokal la ak lidè sivil ki prezante yon vizyon ki bay enspirasyon epi ki te fè yon prezantasyon ekstraòdinè pou pri sa."

**Manm Asanble Billy Jones te deklare,** "Konpliman pou Vilaj Tupper Lake pou sibvansyon DRI byen merite sa pou distri nan nò vil la. Tout moun ki te vizite Tupper Lake nan ane resan yo te temwen nan ki pwen lidèl lokal ak rezidan yo te travay di pou revitalize kominote yo epi fè li vin yon kote ki akeyan pou touris. Ant Wild Center a, Obsèvatwa Ski Adirondack la, ansanm ak nouvo ti biznis ak ti biznis k ap devlope yo, ou ka sante devouman ak angajman pèp Tupper Lake la pou fè vilaj yo a vin yon bon kote pou viv epi vizite. Mwen fyè pou sipòte pwojè sa epi mwen pa ka tann pou sa avni genyen nan djakout li pou Vilaj Tupper Lake."

**Majistra Tupper Paul Maroun te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Rejyonal North Country a (North Country Regional Economic Development Council) pou chwa yo de Vilaj Tupper Lake pou yon sibvansyon DRI 10 milyon dola. Nou te travay di pou nou te prezante yon Pake Revitalizasyon ki enpòtan. Mwen an ekstaz"

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a, Doktè Ty Stone, Prezidan James McKenna, Prezidan Jefferson Community College, ak James McKenna, PDG Biwo Rejyonal Touris Dirab la (Regional Office of Sustainable Tourism)** "Nan non kamarad manm Konsèy nou yo, nou ofri konpliman nou bay Tupper Lake ak konsantrasyon ki renouvle li a sou Distri nan nò vilaj la. Atravè DRI a nou vize fè avanse pwojè ki sipòte vizyon li antanke yon sant pyeton, ki atire vizitè pandan tout ane a, ak divètisman ak lojman ki ajoute pou benefisye rezidan yo."

**Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. Dirije pa Depatman Deta a, inisyativ la reprezante yon estrateji plan aksyon san parèy ak inovan ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon imedya, ki pote avèk li yon ekip entè-ajans ekspè eta a pou sipòte kapasite gouvènman lokal la nan reyalize vizyon kominote pa yo.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou envesti nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizayon avanse ak maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou sipòte devlopman ekonomik dirab, ranvèse chanjman klimatik, ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sèr yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekiritè, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsonèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Devlopment, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU